



BE READY. STAY COVERED.

Kesyon yo poze souvan sou renouvèlman Medicaid

Kisa renouvèlman Medicaid yo ye?

Chak ane, Eta a revize enfòmasyon manm Medicaid yo pou asire ke yo toujou elijib. Yo rele sa a pafwa yon "renouvèlman". Si nou gen ase enfòmasyon, n ap voye yon avi ba ou (Avi Desizyon sou Benefis) ki di ou ke nou renouvle Medicaid ou a.

Si nou bezwen plis enfòmasyon, n ap voye de avi ba ou:

- yon avi jòn pou renouvèlman Medicaid
- yon avi blan pou mande lòt dokiman.

De avi sa yo ap rive pa lapòs separeman. Asire w ou ke ou jwenn tou de.

Kilè m ap kapab renouvle?

Se pa tout moun ki ap resevwa avi yo pa lapòs an menm tan. Avi yo ale bay diferan moun nan kòmansman chak mwa. Ou ka sèvi ak Pòtal Renouvèlman Medicaid la pou jwenn dat ou prevwa pou renouvèlman Medicaid. Pòtal la fasil epi sekirize, epi ou pa bezwen yon imèl oswa yon modpas pou itilize li. Pòtal la se nan lang angle, men ou ka chanje li an Panyòl ak Pòtigè. Si yon moun ap ede ou, li ka sèvi ak pòtal la tou. Men sa ou dwe fè:

- Antre nimewo ID Medicaid la sou kat Anchor blan w la.
- Antre dat nesans ou.

Pòtal la pral di w ki lè dat ki prevwa pou renouvèlman ou a. Men sonje, dat renouvèlman ou a ka chanje, kidonk retounen tcheke souvan.

Ou ka jwenn dat renouvèlman Medicaid ki prevwa ou a tou lè w konekte sou kont ou a nan healthyrhode.ri.gov epi chèche "Enfòmasyon sou renouvèlman mwen an".

Mwen te resevwa yon avi pa lapòs ki di mwen bezwen bay plis enfòmasyon pou Eta a revize kalifikasyon mwen. Kijan mwen ka soumèt dokiman mwen yo bay Eta a?

Gen plizyè fason ou ka soumèt enfòmasyon bay Eta a, tankou sou entènèt, pa lapòs, oswa an pèsòn.

- **An liy oswa aplikasyon mobil:** Vizite healthyrhode.ri.gov pou jwenn aksè nan kont ou sou Entènèt oswa telechaje aplikasyon mobil HealthyRhode sou esmatfòn ou a pou jwenn aksè nan kont ou a.
- **Pa lapòs:** Ou ka voye dokiman yo mande yo pa lapòs P.O. Box 8709, Cranston, RI 02920-8787.
- **An pèsòn:** Anplwaye nan biwo Depatman Sèvis Sosyal (DHS) Rhode Island ka ede kliyan yo an pèsòn. Pou jwenn yon lis biwo DHS ak sant nimerizasyon, vizite dhs.ri.gov/about-us/dhs-offices.

Kisa mwen ka fè pou mwen prepare mwen pou renouvèlman mwen an?

Gen twa bagay ou ka fè pou prepare ou epi rete kouvri.

1. **Kenbe enfòmasyon sou kont ou an ajou** pou Eta a ka kontakte ou ak enfòmasyon enpòtan. Pa egzanp, ou ta dwe mete kont ou a ajou si kowòdone ou chanje, ou jwenn yon nouvo travay, oswa ou gen yon ti bebe.
2. **Siveye kourye Eta Rhode Island.** Si pwogram Medicaid la bezwen plis enfòmasyon pou renouvle kouvèti w la, w ap resevwa yon avi jòn. W ap resevwa tou yon avi blan ki di, "Dokimantasyon adisyonèl obligatwa" (n ap voye avi sa a apa). Sinon, w ap resevwa yon avi ki di pwoteksyon ou a ap kontinye otomatikman.
3. **Aji touswit.** Si w resevwa yon avi jòn, sa vle di Eta a bezwen plis enfòmasyon sou oumenm oswa sou moun lakay ou pou renouvle kouvèti ou.

Kijan mwen ka mete kowòdone mwen ajou?

Ou ka mete kowòdone ou ajou nan plizyè fason:

- **An liy oswa nan aplikasyon mobil:** Vizite healthyrhode.ri.gov pou jwenn aksè nan kont ou an liy oswa telechaje aplikasyon mobil HealthyRhode sou esmatfòn ou pou jwenn aksè nan kont ou a. HealthSource RI (HSRI) pwopoze tou yon tchat an liy pandan lè ouvèti yo sou healthsourceri.com.
 - Tout manm Medicaid yo gen yon kont ki te kreye lè yo te apwouve w pou Medicaid. Si w ap konfigire kont ou pou premye fwa, ou ka antre nimewo sekirite sosyal ou ak dat nesans ou pou jwenn non itilizatè ou an. Apre sa a, swiv etap sa yo pou Reyinisyalize modpas ou.
- **Kontakte òganizasyon jesyon swen asirans sante w la:** Èske ou gen yon kat asirans de Neighborhood Health Plan of Rhode Island, Tufts Health Plan (RITogether) oswa United Health Care Community Plan (UHCCP)? Rele nimewo ki sou do kat ou a pou jwenn èd pou mete kowòdone ou ajou.
- **Pa telefòn:** Rele HSRI nan 1-855-840-4774 (Lendi jiska vandredi, eksepte jou ferye, soti 8 a.m. rive 6 p.m.).
- **An pèsòn:** Anplwaye nan biwo Depatman Sèvis Sosyal (DHS) Rhode Island ka ede kliyan yo an pèsòn. Pou yon jwenn lis biwo DHS, vizite dhs.ri.gov/about-us/dhs-offices.

Èske mwen oblije fè yon bagay ki diferan pou renouvle pwoteksyon pitit mwen an parapò ak pwoteksyon mwen an?

Li posib pou moun k ap viv nan menm kay la jwenn diferan kalite avi renouvèlman. Pa egzanp, ou ka resevwa yon avi ki di pwoteksyon Medicaid pitit depandan w la ap kontinye otomatikman. Nan ka sa a, ou pa bezwen fè anyen pou renouvle pwoteksyon yo. Ou ka resevwa yon dezyèm avi an menm tan ki di oumenm oswa lòt moun lakay ou dwe bay Eta a plis enfòmasyon pou detèmine si w kalifye. Li enpòtan pou w soumèt dokiman yo mande yo nan dat limit ki nan avi renouvèlman w la.

Kijan mwen ka jwenn èd ak renouvèlman mwen an?

Èd disponib an pèsòn, nan telefòn, ak sou entènèt. Pou aprann sou opsyon sa yo, vizite staycovered.ri.gov/medicaid-renewals/contact-us.

- Konseye ak Navigatè Aplikasyon Sètifye disponib pou bay asistans gratis an pèsòn. Anpil òganizasyon kominotè kapab ede w konprann tou avi renouvèlman Medicaid ou a ak pwochen etap yo.
- Si w gen 60 an oswa plis oswa yon adilt ki gen yon andikap, ou ka rele Point, 401-462-4444. Si w gen 65 an oswa plis oswa yon moun k ap resevwa Medicare, ou ka rele 888-884-8721. Patnè nan sant granmoun aje yo ak ajans aksyon kominotè kapab ede tou.
- Pou jwenn èd toupre w, vizite staycovered.ri.gov/community-support.

Mwen rate dat limit sou pake mwen an. Kisa mwen ta dwe fè?

Si ou rate dat limit sou pake renouvèlman jòn ou a, siyen fòm renouvèlman an epi soumèt dokiman ou yo touswit.

Si Eta a resevwa pake w la nan lespas 90 jou apre dat benefis ou yo sispann (dapre Avi Desizyon Benefis ou a), y ap aksepte dokiman w yo, epi yo pral revize kalifikasyon w lan.

- Si Eta a jwenn dokiman ou yo nan 90 jou epi li detèmine ou kalifye pou Medicaid, y ap retabli kouvèti w la. W ap resevwa yon Anchor Card blan ou ka itilize pou medikaman ak vizit doktè si founisè a aksepte frè pou sèvis Medicaid. Apre sa, w ap re-enskri nan plan jesyon swen w lan (Neighborhood Health Plan of Rhode Island, Tufts Health (RITogether) Plan, or United Health Care Community Plan (UHCCP)).
- Si Eta a jwenn dokiman ou yo nan 90 jou epi li detèmine ou pa kalifye ankò pou Medicaid, yo ka ba w enfòmasyon sou fason pou w jwenn asirans sante a bon mache atravè HealthSource RI. Avi Desizyon sou Benefis ou a ap ba w enfòmasyon tou sou fason pou w fè yon kontestasyon.

Pou aprann plis sou opsyon pwoteksyon ou yo pandan y ap revize dokiman an reta ou yo, rele HealthSource RI (HSRI) soti 8 a.m. rive 6 p.m. nan jou lasemèn nan 1-855-840-4774.

Kisa k ap pase si mwen pa kalifye ankò pou Medicaid?

Si ou pa kalifye ankò pou Medicaid, ekip amikal la nan [HealthSource RI](https://HealthSource.RI) ka ede w jwenn pwoteksyon swen sante ki abòdab.

Tou depan de gwosè fwaye ou ak revni ou, ou ka kalifye pou:

- Oto-Enskripsyon nan yon plan sante ki kalifye (QHP) ak asistans prim de mwa
- Asistans prim de mwa ak kredi taks federal prim
- Kredi taks prim federal pou ede rann pwoteksyon sante pi bon mache.

Si ou te resevwa yon avi ki di ou pa kalifye ankò pou Medicaid, men ou pa dakò ak desizyon Eta a, ou ka fè yon kontestasyon.

Kisa k ap rive pwoteksyon pitit mwen an si mwen pa kalifye ankò pou Medicaid?

Yon timoun ka toujou elijib pou pwoteksyon Medicaid menm si paran oswa titè legal li pa elijib ankò. Sa a se paske elijiblité revni kay la pou timoun yo pi wo pase pou paran ak moun k ap bay swen.

Si oumenm ak/oswa timoun depandan nan kay ou a pa kalifye ankò pou Medicaid, ekip amikal nan [HealthSource RI](#) la ka ede w jwenn pwoteksyon swen sante ki abòdab.

Tou depan de gwosè fwaye ou ak revni ou, ou ka kalifye pou:

- Oto-enskripsyon nan yon plan sante kalifye (QHP) ak asistans prim de mwa
- Asistans prim de mwa ak kredi taks federal prim
- Kredi taks prim federal pou ede rann pwoteksyon sante pi bon mache

Èske yon timoun "ka soti" nan Medicaid?

Lè yon jèn adilt vin gen 19 an, yo pa kalifye ankò pou Medicaid antanke depandan nan yon fwaye Medicaid. Nou tcheke sous done nou yo pou wè si nou gen ase enfòmasyon pou konfime kalifikasyon pou Medicaid timoun ki gen 19 an nan yon lòt kategori (piske yo pa depandan ou ankò). Si nou ka konfime kalifikasyon nan yon lòt kategori, jenn 19 an an ap rete elijib pou Medicaid otomatikman.

Pafwa, nou pa gen ase enfòmasyon sou yon timoun ki gen 19 an oswa moun lakay ou pou detèmine si yo kalifye. Si sa rive, lè ou resevwa avi renouvèlman Medicaid ou a, l ap di "Aksyon Obligatwa." Swiv enstriksyon ki nan avi ou a pou rapòte chanjman nan sitiasyon kay ou a. W ap resevwa tou yon avi blan ki di, "Dokimantasyon adisyonèl obligatwa" (nou pral voye avi sa a apa).

Asire w ke w siyen avi renouvèlman jòn ou a. Tanpri ba nou li, ansanm ak nenpòt dokiman yo mande yo, **anvan dat limit la** ki sou avi jòn ou a. Li enpòtan pou retounen dokiman sa yo pou nou ka detèmine kalifikasyon an. Si nou pa resevwa enfòmasyon ou yo anvan dat limit la, kouvèti Medicaid la ap sispann. Si w rate dat limit la, ou gen 90 jou apati dat limit ou a pou w voye enfòmasyon w ba nou epi pou yo rekonsidere kalifikasyon w lan.

How do I file an appeal?

Gen kèk fason pou mande yon kontestasyon ki gen rapò ak kouvèti Medicaid ou. Ou ka depoze yon kontestasyon:

- **An liy.** Konekte sou kont ou nan healthyrhode.ri.gov epi klike sou "depoze yon kontestasyon".
- **Pa telefòn.** Ou ka depoze yon kontestasyon lè w rele HealthSource RI nan 1-855-840-4774.
- **An pèsòn.** Pou yon jwenn lis biwo DHS yo, vizite dhs.ri.gov/about-us/dhs-offices. Gen yon fòmilè kontestasyon nan chak Avi Desizyon sou Benefis. Ranpli fòmilè sa a epi pote li avèk ou.
- **Pa lapòs.** Gen yon fòmilè kontestasyon nan chak Avi Desizyon sou Benefis. Ranpli fòmilè sa a epi voye li pa lapòs bay ATTN: Appeals State of Rhode Island, P.O. Box 8709, Cranston, RI 02920-8787.

Enstriksyon sou fason pou depoze yon kontestasyon tou nan Avi Desizyon sou Benefis ou. Pou plis enfòmasyon, vizite staycovered.ri.gov/medicaid-members/file-appeal.